



Julia F. Callahan Elementary School
200 O'Callaghan Way
Lynn, Massachusetts 01905

James Kennison
Principal

Sarah McIsaac
Program Specialist

Office 781.477.7340

Fax 781.581.9248

Chè Paran ak Responsab:

Ane lekòl sa a pa menm ditou ak okenn lòt ane lekòl. Pou pitit pa w yo, ansèyman ak aprantisaj yo chaje ak diferan difikilte ki nouvo pou yo. Elèv yo depann konplètman de teknoloji ak sistèm jesyon ansèyman an pou yo ka patisipe nan edikasyon yo. Yo separe ak pwofesè yo ak zanmi yo, epi yo oblije aksepte yon nouvo reyalite anrapò ak edikasyon yo. Objektif lèt sa a se pou n esplike w sikonstans pwofesè yo konsidere pandan y ap bay elèv mwayèn pou ansèyman a distans. Pandan pwofesè yo ap fè sa, yo pral teni kont de gwosè difikilte elèv yo ap fè fas avè yo, epi y ap evalye elèv yo avèk gras ak souplès. Anplis evalyasyon ak devwa, gen lòt kritè ki enpòtan y ap konsidere lè y ap bay elèv mwayèn, tankou asistans, patisipasyon, efò, ak angajman. Li enpòtan tou pou n note se pa tout enfòmasyon sou mwayèn nou afiche sou Schoology. Pwofesè yo atravè distri a vle souliye gen limit nan done evalyasyon ki disponib kounye a nan domèn presizyon, kantite, ak si l fyab angwo. Kominote elèv an anseyan nou yo te kòmanse ane lekòl la nan yon sitiyasyon kritik kote tout bagay potko nan plas yo, san wete aparèy, teknoloji, ak resous. Nou byen konprann sitiyasyon nou ladan l kounye a diferan, e nou dwe teni kont de sa. Pwofesè yo devwe pou yo bay pi bon endikasyon sou ki kote pitit ou ye nan domèn akademik la nan premye trimès la. Pwofesè yo vle ekspri rekonesans yo ak apresyasyon yo pou paran yo ak fanmi yo poutèt sipò nou ak konpr eyansyon nou. Anseye elèv nou yo fasafas manke nou, men nou kenbe menm devouman an pou n soutni elèv yo pandan ansèyman a distans e pou n kontinye devlop e relasyon pèsònèl nan klas la ki gen chalè ak sousi youn pou lòt.